**Приложение №6**
**к проекту «Къонахчун лар».**

# Мероприяти
# «Къоман турпалхо -Обарг Зеламха»

**Музыкальни куьйгалхо Солтыгова М. А.**

**1алашо:** берийн Даймахке, къоман турпалхошка безам кхиор**,** шайн къоме безам кхиор; шен къомах, Даймахках дог лазар кхиор.

**Т1едахкарш:**

1) берашна нохчийн махкахь хилла исторически хиламаш бовзийтар;

2) Обарг Зеламхах лаьцна дийцинарг карладаккхар

3)берашкахь къоман турпалхошка ларам кхиор.

**Д1ахьошверг:**

-Де дика дойла шун массеран а! Таханлера вайн цхьанакхетар лерина ду вайн махкахь г1араваьлла воьвзаш хиллачу обарг Зеламхина. Стаг вазвар, хастор дац кхузахь коьртаниг. Х1окху мог1анашкахь мехала хетарг кхин ду. Цуьнга болу лерам, безам гайтар, цуьнан лаккхара маххадор, иза кхалхарца доьзна шайн халахетар, деган 1овжам бовзийтар.

**1-ра бер:**

Халкъо хьо къастийна, къонаха ву аьлла,
Хьан турпала дог дицделла дац,
Махках ваьккхина, йиш-вешех ваьккхина,
Цара хьо хьийзор дицделла дац!

**2г1а бер:**

Нийсонан некъа т1ехь г1ароллехь лаьттина,
Масаллийн дахарца вехира хьо,
Зеламха, хьайх дийца дуккха а дитина,
Дегнаш чохь лар йуьтуш, д1аваг1а хьо.

**Д1ахьошверг:** ткъа х1инца, вайн таро хир йу бераша кечйинчу турпалхойх лаьцначу эшаре ла дог1а.

***Эшар «Нохчийн турпала к1ентий»***

**Д1ахьошверг:** хьалха хала а къиза а хилла Зеламхин, массо нохчийн халкъан дахар, х1инца-м пархат а, сирла а деха вай. Мел воккхавер вар Зеламха таханлера Нохчийчоь, шен махкахой гича!

**Сценка «Воккха стаг а, к1ант а»** Г1ийла хиъна лаьтта воккха стаг. Цуьнга хьаьжча, гуш ду и сингаттаман балано лаьцна вуйла. Карахь сурт ду цуьнан, ткъа б1аьргаш хаддаза цу суьрте хьоьжуш ду. Буьрка а ловзош, ведда вог1учу Муслиман б1аьрг кхийтира воккхачу стегах. Цуьнан хаттар кхолладелира, и муьлхачу ойланаша лаьцна теша аьлла. Воккхачу стагана т1еваг1ара Муслим.

-Де дика хуьлда хьан! Дада, муха ду хьал-де?

-Алхьамдулиллах1,Дала дика кхобу. Схьавола, жима къонаха.

Муслим воккхачу стаганна улле охьахиира. Цуьнан б1аьргаш дадийн хебаршка даханчу куьйго къуьйлучу суьрте хьоьжура.

-Цхьа хаттар дала мегар дарий? – вистхилира жима къонаха.

-Дера мегар ду, схьадийца, х1ун хаа лаьаш ву хьо?

-Хьан карара сурт а гина, цуьнга лерина хьоьжуш хьо а гина, суьрта т1ехь верг мила ву хаа лаьаш вара со, дада.

-И дера ву вайн къоман майра турпалхо, шена т1аьхьа йоккха ц1е йитина волу. Харачойн Зеламха...дера вара и ч1ог1а майра стаг! Паччахьан 1едало г1ийлачарна т1ехь къизалла латтайо аьлла, нах хьийзош хилар долуш обарг ваьлла лелаш хилла и. Адам парг1атдаккха араваьлла хила иза. И санна къонахий к1езиг бу, цундела, и вицван мегар дац. Шегара масала эца дуккха а билгалонаш йолуш, б1ешерахь цкъа волу къонаха хилла и! 1едалан къизалло, халкъан т1ехь латточу 1азапо, къоман 1адаташ йемалдаро маьршачу дахарах хадийна латтийна жимачу Харачуьра къона вахархо- Зеламха. К1ант, хьуна ца хезна и вуьйцуш?

- Х1а-а-а…Харачойн Зеламха! Ишколехь тхан хьехархочо вуьйцуш хезна суна и! Дада, ткъа цуьнан д1акхалхар муха нисделла?

-Дера йара и 1овжаме киртиг. Цхь эзар, исс б1е кхойтталг1ачу шарахб, товбецан ткъе йалхолг1ачу дийнахь, са тосучу хенахь, д1акхалхар нисделла цуьнан. Могушалло тешнабехк а бина, Шела 1уххерчу цхьана жимачу к1отарахь къайлаваьлла хилла иза, ибуьйса йаккха нийат а долуш. Шена гуо биний хиъча, Къуранан «Йасин» сура а доьшуш, цаьрца къовсаме ваьлла хилла иза, амма и къовсам т1аьххьаре хилла цуьнан...Йамартчу тоьпан даьндарго вожийра Зеламха…

Товбецан ткхе варх1олг1ачу дийнахь Шеларчу кешнашка д1авоьллира къонаха Зеламха.

-Дала г1азот къобала дойла цуьнан!

-Амин, Дала къобала дойла!

**Д1ахьошверг:** Бераш, х1инца вай д1аэр ду Харачойн Зеламхина, цуьнан тобанна а лерина долу илли.

***Илли «Харачойн Зеламха а, цуьнан тоба а»***

**Д1ахьошверг:** Ма дика бераш ду-кх шу! Бераш, вайн къоман билгалабоьвлла дуккха а майра к1ентий, турпалхой бу. Шуна боьвзий уьш? Церан ц1ераш йаха.

***Цхьацца хьала а г1овттуш, жоьпаш ло бераша.(Кадыров Ахьмад-хьаьжа, Нурадилов Ханпаша,Адин Сурхо, Эвтархойн Ахьмад,Бенойн Бойсаг1ар иштта д1а кхин а…)***

**Д1ахьошверг:** нийса жоьпаш ду. Даймехкан сий лардеш, нохчийн къам лардеш шайн синош ца кхоийна болу сийлахьа к1ентий бу уьш. Цаьргара эца шортта а масала ду. Х1инца вай хьовсур ду Зеламхех лаьцначу видеога.

***Видеролик***

**Д1ахьошверг:** Х1уъа т1ех1оьттича а, шайн майраллех а ца бухуш, турпала дегнаш чохь йогуш ша тайпа йоккха ц1е а йолуш, харцонан дуьхьала боьвлла, дуьненан цхьана а 1аламатах тамаша а ца бина цара. Ца кхоийна цара шайн кийрара

мерза синош шайн халкъан дуьхьа. Нийсонан т1ехь баха а баьхна, нийсо ларйеш д1а а кхелхина…Тахана а вайна боккха иэшам бу Зеламха санна болу к1ентий вайна йукъахь ца хилар, х1унда аьлча, и санна болу йахь йолу к1ентий-б1ешерашкахь цкъа бе гучубовлуш бац. Амма билгалаваккха лаьа, къоман дукъ шена т1е а лаьцна, кху махкахь пархато латтош волу Кадыров Рамзан. Зама хала хиллай, човхе хиллай ца бохуш, шен мохк буйна а лаьцна, дено-дено хазбеш, тобеш схьавог1уш ву иза. Дала дукха вахавойла иза вайна! Кху т1ехь вайн цхьанакхетар чекхдолу. 1а дика йойла шун! Марша 1айла!